



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Dokiman sa a fèt pou distribye imedyatman
April 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

****FÈY ENFÒMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****

DEPATMAN LASANTE MANDE POU NOU PRAN MEZI DE PREKOSYON POU ANPECHE MALADI VIRIS NIL OKSIDANTAL (WEST NILE VIRUS) AK LÒT MALADI MOUSTIK POTE

TALLAHASSEE – Akòz inondasyon dlo sou Siklòn Twopikal/Siklòn bwote, otorite Depatman Lasante Florida (Florida Department of Health: DOH) aksantye sou enpòtans pou rezidan Florida ak vizitè l yo pwoteje tèt yo kont maladi moustik pote.

DOH ap kontinye konseye piblik la pou l kontinye pran prekosyon pou pwoteje tèt li kont mòde moustik; lap mande piblik la pou l swiv 5 konsèy sa yo ki fè pati de mezi prekosyon yo:

- Jou lè solèy la fèk leve ak Lannwit lè fè nwa anpil – Evite rete deyò lè se lè moustik yo ap chèche pou yo pran san. Pou anpil ti bèt, sa fèt nan nwit lè fè nwa anpil ak lajounen lè solèy la fèk leve.
- Abiman – Mete rad ki kouvri tout kò w.
- *DEET* – Lè gen posibilite pou w ekspoze a moustik, li rekòmande pou itilize repousan ki gen *DEET* ladan yo (N, N-dyetyl-meta-tolyamid, oswa N, N-dyetyl-3-metilbènzamid). Lòt opsyon ki genyen pou repousan se *picaridin* ak ekalptis esans sitwon (oil of lemon eucalyptus). Si gen pwoteksyon anplis ki nesèsè, ou ka aplike yon repousan abazde pèmetrin (*permethrin*) sou rad ou. Nap redi w sa ankò, toujou swiv enstriksyon konpayi ki fabrike pwodwi a bay yo.
- Drenaj – Tcheke nan tout kay la pou retire dlo ki akimile nenpòt kote, ki se kote moustik ka jwenn pou ponn ze yo.

Konsèy sou Kouman pou Itilize Repousan yo

- Ou fèt pou toujou **li ak atansyon enstriksyon ki sou etikèt yo** pou itilizasyon yo apwouve a anvan ou aplike repousan an sou kò w. Gen sèten repousan ki pa apwopriye pou timoun.
- Leplisouvan li rekòmande pou itilize pwodwi ki gen konsantrasyon *DEET* ki a 30% omaksimòm. Selon sa Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention: CDC) repòte ann avril 2005, lòt pwodwi ki ka sèvi kòm repousan moustik gen *picaridin* oswa ekalptis esans sitwon (oil of lemon eucalyptus) ladan yo. Leplisouvan ou ka jwenn pwodwi sa yo nan famasi lokal yo. Chèche etikèt pwodwi ki gen engredyan aktif yo sou yo.
- Aplike repousan ensèk yo sou pati nan kò w ki ekspoze a, oswa sou rad ou, men pinga aplike l **anba rad ou**.
- Pou pwoteksyon timoun yo, li enstriksyon ki sou etikèt la anvan, pou sa asire w ke repousan wap itilize a **apwopriye pou laj** timoun nan. Selon CDC, ou pa fèt pou aplike repousan moustik ki gen ekalptis esans sitwon (oil of lemon eucalyptus) ladan yo, sou



timoun ki pi jèn pase twazan (3 zan). Li pa rekòmande pou aplike *DEET* sou timoun ki pi jèn pase 2 mwa.

- Lè gen moustik, ou fèt pou kite timoun yo andedan kay la oswa mete yon moustikè sou pousèt timoun nan oswa sou nenpòt lòt bagay ou itilize pou transpòte timoun nan.
- **Evite aplike repousan nan men timoun yo.** Granmoun yo fèt pou yo aplike repousan yo anvan sou pwòp men pa yo epi apresya pou yo pase l sou kò ak rad timoun nan.
- Si li nesèsè pou gen pwoteksyon anplis, aplike yon repousan ki fèt abazde pèmetrin (*permethrin*) dirèkteman sou rad ou. Nap raple w ankò, toujou swiv enstriksyon konpayi ki fabrike pwodwi a.

---enfòmasyon anplis---

Moustik/Paj 2

Konsèy sou Kouman pou Elimine Anplasman Kote Moustik yo ka Repwodwi

Eliminasyon anplasman repwodiksyon yo se youn nan bagay ki pi enpòtan nan prevansyon.

- Netwaye konplètman pati ki bay sou deyò dokay la, pati kre ki sou dokay la, ak goutyè yo.
- Retire vye kawoutchou oswa drile twou nan sa nou itilize yo, ki nan lakou kote timoun yo jwe, pou fè drenaj.
- Vire bouch anba oswa retire po anplastik ki vid yo.
- Ranmase tout resipyan ak kèp bweson.
- Tcheke twal goudwonnen (*tarp*) ki sou bato oswa lòt ekipman kote dlo ka akimile.
- Ponpe bouchen (pati anba) bato yo.
- Chanje dlo nan basen zwezo oswa lòt animal domestik oswa dlo ki nan plat manje bèt yo omwen yon fwa pa semenn.
- Chanje dlo nan plato ki anba po plant yo, nan plant ki kwoke yo tou, omwen yon fwa pa semenn.
- Retire vejetasyon oswa bagay ki bouche fose drenaj yo e ki anpeche dlo a koule.

Pami sentòm viris Nil Oksidantal la (West Nile virus) ka genyen, tèt fè mal, fatig, toudisman, feblès ak tèt moun gaye (konfizyon). Doktè yo fèt pou yo kontakte depatman sante nan konte yo si yo sispèk gen yon moun ki ka gen yon maladi ke li atrap atravè moustik. Laboratwa DOH bay sèvis pou fè tès pou doktè kap trete pasyan ki gen sentòm medikal maladi moustik pote yo.

DOH ap kontinye fè kontwòl nan tout eta a pou maladi moustik pote yo, menm pou viris Nil Oksidantal la (West Nile virus: WN), Ansefalit Ekin nan Lès (Eastern Equine Encephalomyelitis: EEE), Ansefalit St. Louis (St. Louis Encephalitis: SLE), malarya ak maladi deng. Pou plis enfòmasyon sou maladi moustik pote, ale sou sit entènèt Sante nan Anviwònman DOH la (DOH's Environmental Health) nan <http://www.doh.state.fl.us/Environment/community/arboviral/index.html>, rele Liy Enfòmasyon 24 sou 24 sou Viris Nil Oksidantal la (West Nile Virus Hotline) nan nimewo 1-888-880-5782 oswa depatman lasante lokal nan konte w la.



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Komisyon sou Konsèvasyon Pwason ak Lanati nan Florida (Florida Fish and Wildlife Conservation Commission) gen yon sit entènèt kote ou ka rapòte enfòmasyon sou zwezo ki mouri akòzde Viris Nil Oksidantal la (West Nile Virus). Pou rapòte yon ka ou panse ki gen rapò ak viris sa a, ale sou sit sa a: <http://wildflorida.org/bird>.

Liy Enfòmasyon Dijans Florida (Florida Emergency Information Line): 1-800-342-3557

Fonksyon pou Sipòte Enfòmasyon Ijan pou Piblik la (Public Information Emergency Support Function) : (850)-921-0384

###